ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЫДЫОКІ

№146 (21.054) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэ быдэкІэ мэув

● Зэлущіэхэр

Къанокъуэ Арсенрэ Къуэщысокъуэ Юрэрэ Къаздэхъу Альберт къызэуэсахэм я пащхьэ ирашэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ самоуправленэм и Советым и 39-нэ зи мыуэу сессиер къызэІуихащ абы и тхьэмадэ Сэбан Руслан. Ар зэхуэсат кІуйм и администрацэм и Іэтащхьэ Къуэщысокъуэ Юрий и къулыкъур щхьэщахьыным теухуауэ къыта лъэІум хэмлъэн папщІэ.

СЕССИЕМ кІэрихьэлІахэу къэпсэлъахэм Къуэщысокъуэ Юрий фІыщІэ ин хуащІащ и къулыкъ мытыншым зэрыпхъуа илъэсхэм лэжьыгъэ зэфІигъэкІам папщІэ икІи абы ехьэухьауащ зыпэрыхьэну Іэнатім екъулІэныгъэхэр щиІэну.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ Къуэщысокъуэ Юрий и къалэнхэр щхьэщыхьыным икІи муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэу Къаздэхъу Альберт хэхьыным теухуауэ Іэ яІэтащ.

Къуэщысокъуэ Іэгуаузкі Іущащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Абыи псом ящэу Къуэщысокъуэ Юрий фІыщІэ хуищащ районым зегъэужьыным и кІару псори зэрыприхьэлІам папщІэ. «Бахъсэн куейр, щэч хэмылъу, сыт и лъэныкъуэкІи республикэм щыпащэхэм ящыщщ. Ар зи фІыгъэри зэгъэусу икІи фызэдэІэпыкъуу евгъэкІуэкІ лэжьыгъэрщ», - къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен къытеувыІащ куейми республикэми мы зэманым къапщІэ кІалэмэхэм. Абы къыжиІэбеллджылыкІащ унафэщІэхэр зэхъуэжьныр езы зэманым къызэригъэувыр. Дэ Правительствэр процент 80-90-кІэ къэдгъэщІэрэщІащ, щэч хэмылъу, иджыри зэхъуэжьныгъэхэр щыІэнущ. Псори зэлъытар зыщ: я лэжьыгъэм къыщагъэлъагъуэ зэфІэзыкІырщ. Сэ хэзэгъэзыркъым къулыкъу згъэзэувэзэр: ахэр жьауэ щІэуи щрет. Псом ящэ изэщыщ ахэр зэманым кынгъэувэм къезэгъыу Іуэхухэр зэрауэтІыфырщ».

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхукІащ нобэ ІэнатІэщІэ пэрыхьа Къаздэхъу Альберт иджыпей зэманым екІу Іуэху зехьэкІэ зыбгъэдэль цІыхуу зэрыщытыр.

– Абы Іуэхуфі кудэ щыгэфІихащ нэхъапэм здащыІа Аруан районым. Сэ зэхуэсхьэркъым абы лэжьыгъэщхэр зэрызэфІигъэкІынум. Бахъсэн районыр ящыщщ ди республикэм щыпхъэ нихэм икІи абы и зыужьныгъэр къэзыгъэлъагъуэ пащхьэхэм. Псом ухуэмдэу куейр сыт щыгъуи цІэрыІуэу щытащ хозяйствэм и ІэнатІэм къыщихь екъулІэныгъэхэмкІэ. Сэ гугъэщ абы и лъэкІныгъэмрэ и щыгІэмрэ зэфІигъэуцужащу.

Мыбыми щІыпІэ республикэм и щІыпІэ псоми зэушхьэлІэ Іуэхухэр. Дэ къуажэ псоми къэтКІухьыныщ икІи здгъэщІэнущ цІыхухэр зыхуейт-зыхуэфІхэр. Арыншауи хъунукъым: цІыхухэм я псэукІэр едгъэфЖІуэным мэхъэ нэхъ кьалэн нэхьыщхьэ щыІэкъым. Дыщыгъуаэщ районыр зыІуэу гугъуехь куэдым. Ахэр нэхьыбэу зэхьэлІар жылагъуэхэр псыкІэ кьыщэгъэпсыныр, гъэзэгъэ егъэщІыныр, псэушъэм быдэу пыщІа изэгъэщІхэрщ. КІэщІу жьыпІэмэ, республикэ псом щызэфІагъэкІын хуей кьалэнхэрщ. Дэ абыхэм дапэльащынущ, сыту жьыпІэмэ Къзбэрдей-Балъкъэрыр лъэ быдэкІэ мэуври. Здвгъэгъапщэт мыпхуэдэ бжыгъэхэр: илъэситІ и пэкІэ республикэ бюджетыр зэрыхьуу щытар сом меларди 8,6-рэ кьудейщ. Ар мыгувэу сом меларди 18-м нэблагъэнущ. Хуабжьу щтэкІэ дыхэмкІэ щІэуэ щыІэкъу. Пэжщ, ди дэж кьыщалэжьыр щыІналъэ кудым щІыхэм кьащыІэрыхьэм нэхъри нэхъ мащІэщ. Ауэ а зэщхьэщыкІынигъэр гъэкІуэдыным зэпымыуэу ящыІэкъу.

Иджыпсту диІэ зэфІэкІхэм Іэмал кьыдат район кьэс зи гугъу тщІы кьалэнхэм трагъэкІуэдэн папщІэ республикэ бюджетым кьыхэхьэкІ лейуэ сом меларди 18-20 яхудэ ятІыщыну.

Политикэ щытыкІэм и гугъу тщІымэ, ар зэпызыщІэну хэтэхэр щыІэщ. Псом хуэмыдэу хэхьныгъэхэр кьыщыблэгъа мы зэманым. Сыт хуэдэ Іэмалри кьагъэсэбэн зыкьыхагъэпІикІын, заІэтын мурадкІэ. Псори зытрагъэщІыхьыр езыхэм я сэрэн зыхэлъхэм я закъэщ. Уеблэмэ лъэпкъхэм яку зэхуэмыдэу зэпызыхьэну хущІокъу. Ауэ апхуэдэхэр зэманым лъэныкъуэ иригъэзынущ. Зи гугъу тщІы кьхуеджэныгъэхэр щыІащ нэхъапэм, ауэ абыхэм гъэзгу ягъэутакъым. ТекІуащ губзыгъагъэр, Іущыгъэр, иджыри зэхъуэжьныгъэхэр щыІэнущ. Псори зэлъытар зыщ: я лэжьыгъэм кьыщагъэлъагъуэ зэфІэзыкІырщ. Сэ хэзэгъэзыркъым кьулыкъу згъэзэувэзэр: ахэр жьауэ щІэуи щрет. Псом ящэ изэщыщ ахэр зэманым кьигъэувэм кьеззгъыу Іуэхухэр зэрауэтІыфырщ».

Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукІащ нобэ ІэнатІэщІэ пэрыхьа Къаздэхъу Альберт иджыпей зэманым екІу Іуэху зехьэкІэ зыбгъэдэль цІыхуу зэрыщытыр.

– Абы Іуэхуфі кудэ щыгэфІихащ нэхъапэм здащыІа Аруан районым. Сэ зэхуэсхьэркъым абы лэжьыгъэщхэр зэрызэфІигъэкІынум. Бахъсэн районыр ящыщщ ди республикэм щыпхъэ нихэм икІи абы и зыужьныгъэр къэзыгъэлъагъуэ ящалъэхэм. Псом ухуэмдэу куейр сыт щыгъуи цІэрыІуэу щытащ хозяйствэм и ІэнатІэм къыщихь екъулІэныгъэхэмкІэ. Сэ гугъэщ абы и лъэкІныгъэмрэ и щыгІэмрэ зэфІигъэуцужащу.

Мыбыми щІыпІэ республикэм и щІыпІэ псоми зэушхьэлІэ Іуэхухэр. Дэ къуажэ псоми къэтКІухьыныщ икІи здгъэщІэнущ цІыхухэр зыхуейт-зыхуэфІхэр. Арыншауи хъунукъым: цІыхухэм я псэукІэр едгъэфЖІуэным нэхъ кьалэн нэхьыщхьэ щыІэкъым. Дыщыгъуаэщ районыр зыІуэу гугъуехь куэдым. Ахэр нэхьыбэу зэхьэлІар жылагъуэхэр псыкІэ кьыщэгъэпсыныр, гъэзэгъэ егъэщІыныр, псэушъэм быдэу пыщІа изэгъэщІхэрщ. КІэщІу жьыпІэмэ, республикэ псом щызэфІагъэкІын хуей кьалэнхэрщ. Дэ абыхэм дапэльащынущ, сыту жьыпІэмэ Къзбэрдей-Балъкъэрыр лъэ быдэкІэ мэуври. Здвгъэгъапщэт мыпхуэдэ бжыгъэхэр: илъэситІ и пэкІэ республикэ бюджетыр зэрыхьуу щытар сом меларди 8,6-рэ кьудейщ. Ар мыгувэу сом меларди 18-м нэблагъэнущ. Хуабжьу щтэкІэ дыхэмкІэ щІэуэ щыІэкъу. Хуабжьу хэхьныгъэхэр кьыщыблэгъа мы зэманым. Сыт хуэдэ Іэмалри кьагъэсэбэн зыкьыхагъэпІикІын, заІэтын мурадкІэ. Псори зытрагъэщІыхьыр езыхэм я сэрэн зыхэлъхэм я закъэщ. Уеблэмэ лъэпкъхэм яку зэхуэмыдэу зэпызыхьэну хущІокъу. Ауэ апхуэдэхэр зэманым лъэныкъуэ иригъэзын

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Прохладнэм бадзэуэгъуэр щылгуэшцIэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-из нап.).

Олимп зэхьэзэхуэжэр зи плъапIэхэр

Сабий спорт школым щепIым Къанокъуэ Арсен абы и унафэщIэм чэнджэщ яритащ футболист ныбжьыщIэхэм зыщагъэсэн папщIэ алэрыбгъу зытелъ губгъуэ кIыхьэр гъэпэщыну. Атлетикэ псыхьлэмкIэ залым хьэфэм и мэ къызэрыщихыр къыщIихьэри, Президентыр щIэупщIащ абы зэраныткъэ нIэрэ имыIэрэ. ГъэсакIуэ-тренерхэм Роспотребнадзорым и IэщагъэлIхэм пэщым щIэт хьэуар зыбжанэрэ къапщытащ, ауэ узыншагъэм эзран хуэхъун хэмыту къалытащ.

Стадионыр къыщыдэхакIуахьи, Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхэ Сирицэ Дмитрий тепсэтыхьащ футбол епIыхэр зэрыс трибунэхэм щхьэ кьыгратхьэну зэрамурадым. Президентым апхуэдэ Iуэхур дIиIыщащ нкIи кIыхьгъащащ «Спартак-Налшык» командэм и дублым иригъэкIуэкI языныкъуэ зэIущIэхэр Прохладнэм кьаХь зэрыхьунур.

Металлургым и махуэм и щIыхькIэ

Адмирал Головко и цIэр зезыхьэ курыт школ №4-м щыщыIам Къанокъуэ Арсен абы и музейм епIащ нкIи хьэщIэхэм папщIэ тхьытым Iэ щIидзащ.

Ленин орден зезыхьэ «Прохладнэ» ремонтмеханическэ заводым и цех №4-м лэжьыгъэ зэи щIэзыпурыкъым. Мыбы щыIэ рабочэ 232-м ящыщ дэтхэнэми мазэм ику иту сом 5400-рэ ящыщ зэрыкъуэкI. IэнатIэм и Iуэхур нэхъ къэзыпахьэхэм щыщIэупщIам, Президентым къыжраIащ гугъуехь нэхъыщхьэр IэщагъэлIхэр зэрахурымыкIыр арауэ: «Тех нкIум, Iэщагъэкъэм щыхурагъаджэ еджапIэ щхьэ хуэ кIыхьзэIуихьэт, сыту жыпIэмэ рабочэ Iэщагъэ зиIэ щIалэгъуалэм хуэныкъуэр ди заводым и закъуэкъым».

ГуэлуфIэ кIапсэхэр хэзыщи «Налкат» заводым щепIым, Президентым къыхигъэщащ дыкъэзыпухьуреихь дунейр хьумэным зэрыхуэсакъыпхэр, производствэм зышыгагъэубгъуэкI, абы гулыитэ хэха хуащIын зэрыхуэкIр. Рабочэхэм я лжьапIэм зэрыкухагъахьыгъэ жьрИэрэ интэуфIащ. Мы предприятэм и лэжьакIуэхэм ящыщу нэхъыбфIу зыкъэзыгъэтхъэгъуэхэм ЩIыхь тхьытрэ саугъэтхэмрэ яритащ республикэм промышленностымкIэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Уянаев Казым.

Рабочэхэр Президентым зэреупщIар зы закъуэщ - республикэм и фIыгъэ командэм и Iэ хур зэрыхъунурщ. Къанокъуэ Арсен жилащ футболистхэр утыкум кьыхэзгъэримынэнур, дзыыхуэкIуэ илъэсым командэм и бюджетыр доллар мелуан 12 хьууэ кьызэращтар.

КъыкIэрыхуу зыри щыIэн хуейкъым

Зэгуэр дэни узыщIрихьэлIэу щыта апхуэдэ лозунгыр «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэ хуэщIам и цехым ящыщ щыIам фIэкIащ. Себгъэмэ гъэкъыгъэхэр абы еэзгъэшу екIуэкIыу къыщIэкIынущ - дэнэкIи станокхэр щолажьэ, кIапсэхэр щытрашэ, кабель зэмылIэужьыкIыуэхэр зытешыхьа щэр хьыщхьэр зэгъэкIуэу зэтелъщ. Ауэ мы предприятэмэ лэжьакIуэхэр къемэщIэкIыу хуежьащ. - Гупурэ зэгъуэныу зи фейдэ къэзыIтыхьуэхэм ди щыхуэкIри зэрыщIыщыр, - тогуэзвыхь предприятэм и унафэщIыр. - Сыт хуэдэу лэжьапIэр ящIащ, ди лэжьапIэм дапеуэфыкрым, сыту жыпIэмэ щIхьэхуещэ Iуэхуэм хэтхэм налогхэр ятыркъым».

Iэжьыгъэм гукъыдэж къарет

Президентымрэ абы и гъуэсхэмрэ кьаIэр кьыдэхакIуахьа нужь екIуэкIа зэIущIэпщхэм къыщыщIэпсэльащ кьаIэ округым и администрацэм и Iэтащхэ Сирицэ Дмитрий. Абы къэщIэ хэр щыгъуазэ ищIащ предприятэмэ-рэ организацэхэмрэ яIэ екъуэIэныгъэхэм. Администрацэм и Iэтащхэм хэхуэу республикэм и Президентым фIыщIэ хуищIащ кьаIэм щыIэ локомотив депор кьыхэрыхэтриГъэнам папщIэ (Iыщ IуэгъуэмкIэ управлениэм ар зэхуищIыжьыну мурад иIащ, ауэ Къанокъуэ Арсен и лъэIукIэ а унафэр инкъуэжащ).

- Прохладнэм хьума щыхьащ промышленнэ предприятэ хэм я зэфIэкIыр, - кьыхигъэщащ КъБР-м и Президентым. - УиныгъэгуфIэу кьанэркъым щIыхуэхэм лэжьэну гукъыдэж зэраIэм. Сэ зэпымыуэу зыхьзэощIэ зыкъыщIэщIэгъэкъуэну фызэрызэхэтыр нкIи абы папщIэ фIыщIэ фхуэзощI. ДызыхуэкIуэ юбилейм зэрызыхуэдГъхъэзырыр зэрыщIыгъ республикэр зэIуэпэщ щыным и къежьапIэу араущ. Бюджетым ахьшэ нIэн папщIэ, предприятэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту екIуэкIыхьуэ, дзыхуэдэу щыщыткIэ, инвест орхэр зэпымыуэу къэтэтыхьуэн хуейщ. Производствэ гуэр кьыхэзгъэхьыным теухуауэ къыхалъхьэ зы Iуэхуи дыхэмыпIыжу кьадгъэзнэкъым. Зыгуэрым кьыгтухунщIынм дыщымыгугъыу, зи зэпымыуэу гугъу зедгъэ хьыпхъэщ, абы щыгъуэзу пщIэн щыдиIэнур.

ЗэIущIэм и кIуэцым Къанокъуэ Арсен тыгъэ кьыхуащIащ Урысейм и Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я Президентэм и суратхэу пхъэм кьыхэзыщIыкIаэр. Апхуэдэу Тэрч къэзыхьдзэм и Iэтащхэм къыбгъэдэкIыу абы Дыжьын жор кьратащ.

БЕ.ЛЫХ Наталье.

● Лъэпкъ Iуэху

Тхыдэм и лъагъуэ

Кьэнжал и щыгум.
2007 гъэ, бадзэуэгъуэм и 21

Щэху Iэджи екъуэмэ ди щIылъэм. ЛъэщIыгъуэ дапщэ и ныбжь. Iуэхугъуэ дапщэ щагъэхьа абы! Адэ жыжьэ кьыщежьэрэ хьыжьэрэ ХьущIэу, ауэкIи ягъэпсальэу къех ди псы уэрэмэ я нэгу щIэкIаХэр кьаIуэтэжьыру щытамэ, Къэбэрдейм и блэкIам теухуауэ аер ку зи щыдэ къэтщIэнт. Арами, а блэкIаХэм къэкIуэнур я къуэпсу къокIуэкIри, сыт хуэдиз махуэ, илъэс кьыпимыбжьыкIами, я ныбжьыкъэ зэи кIуэдыркъым. Апхуэдэ щIилъэс 299-рэ и пкIэ, екIуэкIа Къэнжал зауэ гуэщIэм теухуэр. Абы щыгуэ Къэбэрдеим и пщыгъэ щокIуэ Кургъуокъуэ зи пашэ ди щууэй мини 7-м Къыпльэн Джэрий и кьрымыдзэ мин 50 хьуэ зэтракьутауэ щытащ.

А ЛЪЭХЬЭНЭ хьэлъэм Хэкум и щхьэхуитныныгъэр зыхьума ди адэжьхэм я щыхьыр гъэлъапIэнэм Iуэхуа Iуэхугъуэхэр езыхэм ярЗэфIу Абхазым щыIа къэбэрдей щIалэхэм я Зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ щIидзауэ ягъэхьэзыр. Аращ зыхуэгъэзар дуней псом зэIущIэ щыхьауэу щыта а теКIуэныгъэ иныр кьыщIахьа Кьэнжал щыIпIэм иджыблагъэ щрагъэкIуэжа пэкIуэр.

Ягъэ зэIущIэм щрашэжьа псальэмакъ щхьэпэм пащэну, кьыщыхьалхьэ Iуэхугъуэхэр щIагъэбыдэну баДзэуэгъуэм и 21-м етIуанэ гупышхуэм

Дотэ-Дотэнэху

Зи щIэр ящымыгъупщэ, зи щхьэр нобэр къыздэсми ягъэлъапIэ цIыху щыпкъэхъэм , ящыщыр Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм щыпсэуэ, абы щызэхэт колхозым и тхьамадзэ ильэс 27-кIэ лэжьа Мэшыкъуэ Хьэмид.

КIУАЖЭМ дэс псоми, лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу иАхэми Хьэмид ящызымыгъэгъупщэр цIыхугъэшхуэ хэлъаращ, бгъэдалъа зэчийрщ, акъылыфIагъэ ирыщ, хьэл-щэн дахэ далъагъэуращ, нэмысыфIэу зэрыщытаращ. Мэшыкъуэм я псори кIэнэ щымыIэу ахуиГъэлэжьащ и къуажэгъуэхэм, абыхэм псэукIэ-щыIэкIэ дахэ яIэным, мамырыгъэр хъумэным.

Апхуэдизу гу хуабагъэр псэ хьэлэлэр зиIэ я унафощIым, нэхъыжьхъэм къраГъажьэри, къуажэ псор ДотэкIэ еджэу щытащ. А цIэмкIэ адыгэхэр ижьижьыж лъандэрэ ироджэ пщIэшхуэ зыхуащI, зи щхьэр яГъэлъэпIэну яфIэфI я къуажэгъум, я тхьэмадзэм. Мэшыкъуэм ар ижьугъэ хуэфащэт. Дотэр яфIэмащIэу, Хьэмид Дотэнэху хужьызыIэхэри мащIэтэкъым.

Мэшыкъуэм и псэ кабзэм и нурыр и нэгум ипльагъуэрт. Иджы а цIыху щыпкъэм и Iэужьхэр, лъэужьхэр щалъагъуэкIэ: «Мори, мыри Дотэ и IэдакъэщIэкIщ», - хуэдаIэ. Мэщыкъэм лэжьыгъэми зэуэми я ветераным и фаепльу хъахуэнахэри. «Игъуэ нэмысу тхэкIыжа ди Iуажэгъу щыпкъэм, адыгэлI нэсым щхьэщэ худощI», - щIагъуэ я псалъэхэм.

А цIыху тельыджэр дунейм зэрехьыжра иджыблагъэ ильэс тIощI хуэщI. И Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэжьэрэгъуэрэ зэхуэсри, Хьэмид и шыфIэлIыфэр я нэгу къыщIагъэхьэжу, и хьэл-щэн дахэм, и цIыхугъэм, бгъэдэлъа акъылыпхуэн гепсэтхьыжу зэхэсащ. ЖаваГъэр уиапIэ хуэхъуну хуэлъэIащ.

Хьэмид и махуэм кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжахэр, IэфIрэ гуапэу хуэкIаIахэр, «Адыгэ псалъэ» газетым къытрадзэмэ яфIэкъабылу, абы и IуэхуэщIафэ дахэхэм ятеухуа тхыгъэхэр куэдым щапхъэ хуэхъуну, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм дежкIэ дерс гъуэзэджэу къалъытэри, редакцием къалъэхьаци, дэри ди гуапэ адыгэлI щыпкъэм и IуэхуэщIафэхэр ди щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ итлъхьну.

Мэшыкъуэ Хьэмид (сэмэгумкIэ) и ныбжьэгъуфIт «Адыгэ псалъэ» газетым ильэс 59-кIэ щылэжьа Бекъан Чыланий. *1979 гъэ.*

Къуажэ ив нэхърэ - къуажэ илI

Гупсысэ куу х эльщ мы псалъэжьым. Ар къыщежьа зэман жьыжьэм цIыхуэр псэун папщIэ къаруушу э жеят, гуащIэкIэ лажьэхэрти. Абыхэм я Iэпщэ къаруу мамырыгъэ Iуэхуэр ныдэ зэфIагъэкIыпт. Аизрат мылыж, зэманым зэкIыпIэ цIыхухэм зэрыхуэхуэр. Ауэ ви, шы уиIэми, псэукIэр зэрыщэтебухуэнуэр псом зэпэ акъылым, гупсысэм кIыубыдыр зэрыларар къагурыIуэрт.

Мы тхыгъэр зытеухуа цIыхум йокIупс а псалъэжьыр икIи нэсауэ къуажэ илIу щытащ ар.

АР ДЗЭЛЫКIУЭ районым щыIэ Псынэдахэ къуажэм, а щIэ дыдэр зэзыхьэ колхозым къэдгъэзэжауэ щIыхь хуарэзыпэ Мэшыкъуэ Хьэмидщ.

Хьэмид и адэ-анэр Малкэ къуажэм дэсащ, езыри абы къыщалъхуащ, ауэ Совет властыр нуиа ижьи, къуажэшхуэкIэ зэхагъэкIыуэр жьлэ цIыкIуэр къытрагъэпщыкIыщ къужьежьа зэманым, Дзэлыкъуэ районым къыщызэрагъэпэща Псынэдахэ къуажэщIэм Iэпшхуэхэм ящыщщ Мэшыкъуэ Мусэбий и унагъуэрт. А зэманым Хьэмид зи школ щэтIысхьэгъуэ щIалэ цIыкIт. Аращи, Хьэмид елэжьи, лэжьэн щыщIидзар къуажэшIэрщ-Псынэдахэрщ. Щысабийм щэнкIфIэ у, акъылыфIэу щыта щIалэ цIыкIур школми щыщIапхъэу, фIы дыдэу щыпсэуу екIуэкIащ.

Мэшыкъуэр ящыщщ ди щIыналъэм щылэжьэну унафэщIэхэр щагъэхъэзырыр Налшык кьалэ щыта курсхэр япэу къэзыуухэм. ФIыуэ зэреджам и щыхьэту тхылъ пльыжьыр иIыгъыу абы я къуажэм ирагъэзэжьыгащ. Махуэл дамыгъэкIыщ щIалэр къуажэм щыIэ колхозым счетоводу щылэжьыну зэрэзыуащ.

Iуэху яIэу колхоз правлеиэм щыихьэзэм яГъэщIагъэуэрт нэгъуэщи Iу мылъу, фуражки щхьэрымыгъыу кIэнтIорэм щалэ лъагъуГъуафIэ щыкIу зэрыщIэсыр. Абы Iэкlуэлъаркlуэу счет кIэнэхэр адэкIэ-мыдэкIэ идзырт.

«Мо щалэр дэ тущыщ, мэшыкъуэ Мусэбий и щIалэщ - тхылъи шотри ещIэ, кIэнтIорэм къулыкъу щегъэзащI», - щыгуфIкIырт и къажэгъ уэр. Ар 1939 гъэрат. ФIыуэ ипльэгуэ Iэщ Iагъэм ирилъхьыжащ, дзыхь кьыхуэзыщIа и къуажэгъуэм яхэтыныр ильэситI нэхъ дэмыкIыу кьыгъэнэн хуей мэхъу абы - нэмыщI зэрыпхъакIуэхэр ди къэралым кьытуэрэр, 1941 гъэм Iуэху яхьумэну кIуэхэм яхэту щIалэри зауэм дожI.

Абы хуэмыхьуу зэрыхэмытам и дамыгъэу Хэку зауэшхуэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, медаль зыбжанэ хэлъу 1943 гъэм кьуажэм кьеГъэзэж. КьеГъэзэжри, и уIэгъэ мыхъужьпами, лэжьэн щIедзэж. ЩIалэр Iэнатlэ тынш лъыхъуакъым, гуГуеухьи зэи кьыпикIуэтакъым. У эгъуу щыщыта, зауэм щигъэщIэгъуа ильэсхэм Хьэмид колхозым и бухгалтер нэхъыщхьэу лэжьащ. Гъавэр, Iэщх экIыр къэралым ещIэнымкIэ планхэр, ар зэфIэкIа иужь, барыщу кьыщIагъуэу щыта заданэхэрэ гъэзэщIэным колхозыр зэрехьэлIэнымкIи аикьыр, кIэрыгрихьэлIащ. Мыдэкlэ кьуажэдзэкэр, Iэщыр - псорри яшхынкIэ кьыэрамыгъэпэщу хьунутэкъым. Хьэмид и щIалагъэм емылытагъу, я Iуэхуэгъэшхуэхэр тэмэму зэхуигъэхъуащ, бобуTIIэу, кьулейсысыгъэ кьамьхъ-у щIыхь-хэрэ Iэщри гъэ щIигъэкIащ, жылапхъи щIгъэщащхьи - псорри зэхуигъэхъуфащ. Хьэмид и лэжьыгъэ хьэлэлым, и акъылыфIагъым, и ныдэлъэм зэрыхуэхэмыгъэпэщу я щхьэкIэ, ар зыжьи кьыщIэмыхуэу, ныкъуэсыбгъэгурэхэр кьимыгъэхъуу колхозым ильэс тIощым щигъэкIэ бухгалтер нэхъыщхьэу зэрыщыIэнэжьэфар. Ар зэрыгущIэгъуым, и псэм и IофIагъэм, и бзэм и гуапагъэм папщIэ, кьуажэдзэкэм, колхозэхтхэм фIыуэ яльэгъуа кьудейкьым, псоми, уеблэмэ, зи ныбжь хуэдитхэми пщIэ, щыхьэ хуащIу щытащ.

Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы хуэзэфIэкIащ цIыхухэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм зригъэхъужьыкIи. ПльагъуурэфIакIуэрт абыхэм дзэкьыгъэм зэрыгъэхъужьыкIи. Iэщыхьэхэр, механизаторхэр щылажьэ Iэщ фермэхэм, губгъуэхэм дыкIуамэ, дыщыгуфIыкIырт псынэдахэдэхэм я лэжьэкIэхуэм. КъагъэщIэрэщIэжа Iэщ псэуальэхэр, абыхэм щаIыгъ. фIыуэ гъэшха былым кьабзэхэр, нэр пIэнихьу зэрахьэ хьэсэхэр, нартыху, сэхурат сатыр защIыхэу кьэкIыгъэхэр зэхуэдэу зытетхэр щытлъагъкIэ, ди гур хэмыхъуу кьанэрэткъым.

А зэхъуэкIыныгъэхэр языныкъуэ унафэщIыщIэхэм Iуэхум бэзэрыфэ зэрытрагъауэ Iуэхуэхэм ящыщтакъым. Колхоз экономикэмрэ финансымрэ кууэ хэмыщIыкI Мэшыкъуэм кьыщыщIидзащ хозяйствэр планым тету, финанс Iуэхуэхэр убзыхуауэ лэжьэным зи унафэщI колхозыр хуиунэтIыным. Бригадзэхэр, фермэхэр хозрачетым хунгъэкIуащ, Iэнатlэ псоми аккорднэ-премиальнэ лэжьапIэ тыкIэр щыхьащащ, колхозэхтхэр лэжьыгъэм кIэуэкуу къирикIуэм дезыгъэхьэх нэгъуэщI Iуэхуэгъуэ зыбжанэ яIэжьащ. А псоми Iуэхуэфl кърикIуащ. ИльэситI нэхъ дэмыкIыу хозяйствэм хэхъуэу кьыIэрыхьэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хьуащ, абы и «бобхъшэмэ» зэрыхуейбу я кьагъэсэбэн хъуэн ахьшэ кьыдэхъуащ. Абы колхоз правленэм Iэмал кьиратащ лэжьыгъэм пыщIа псэуальэхъэм кьадэкIуэу, сабий садым, Щэнхабзэмкlэ унэм, курыт школым, поликлиникэм я унэхэри ухуэнымкIэ. Аратти, кьыкIэрыху хозяйствэхэм хабжэу щыта «Псынэдахэ» колхозым и счетылIэныгъэхэм республикэ псом щытепсэлъыхьу щащащ.

ДОХЬУШОКЪУЭ Мусэ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым я тхьэмадзу лэжьащ.

Гупсысэ куу х эльщ мы псалъэжьым. Ар къыщежьа зэман жьыжьэм цIыхуэр псэун папщIэ къаруушу э жеят, гуащIэкIэ лажьэхэрти. Абыхэм я Iэпщэ къаруу мамырыгъэ Iуэхуэр ныдэ зэфIагъэкIыпт. Аизрат мылыж, зэманым зэкIыпIэ цIыхухэм зэрыхуэхуэр. Ауэ ви, шы уиIэми, псэукIэр зэрыщэтебухуэнуэр псом зэпэ акъылым, гупсысэм кIыубыдыр зэрыларар къагурыIуэрт.

Мы тхыгъэр зытеухуа цIыхум йокIупс а псалъэжьыр икIи нэсауэ къуажэ илIу щытащ ар.

Япэ махуэм щегъэжьауэ

Дзэлыкъуэ районым и дотхэмэ етIуанэ хозяйствэри кьыкIэрыкъуэхэм хабжэу щыщыгъэм, «Псынэдахэ» колхозым Мэшыкъуэ Хьэмид председателу дэжьэн щыщIидзам, псом яп ныбэу кьэхьуу хуежьат адрей хозяйствэхэм нэхъри абы нэхъ цыпIэщIэу зинужьу, япэкIэ кIуатэу зэрыхуежьар.

ФIЫУЭ сощIэж ар колхоз унафэщIу зэрыхаха щыкIэр. Партым и райкомым а кьалэныр хуигъэфщат нэгъуэщI щыпIэ щыщ щыхьум - и Iэщ Iагъэкlэ инженер-механикым, опытыщIэу зиIэ, пщIэ зыхуащI лэжьакIуэм, районым и мэкъумэщ Iуэхущ IапIэ гуэрым и тхьмадзэм. Абы и кандидатурэм щытепсэлъыхьа парт собранэм и лэжьыгъэм хэта комунист псорри акъылгъуэт КПСС-м и райкомым лэжьакIуэфI кьаззрыхуигъэлъагъуэмкIэ, жаIащ ар зэрапIыхур, щIэ зэрыхуащIыр. «Адыгэуэ щытыт ди колхоз тхьмадзу дэ ди цIыху хэтхьну дыхуейщ - ар ди бухгалтер нэхъыщхьэ Мэшыкъуэращ», - щыжаIащ зэIущIэм.

Партым и райкомым и кандидатурэр кьызэрыграгъэIуэтам сэ Iэдэбу сыхущыташ. Мэшыкъуэр сэ сцIыхурт: гупсысэ зиIэт, зэпIэзэрыгъ, бухгалтерыфIт. Партым и райкомым абы и кандидатурэми дыщытепсэлъыхьат. Ауэ шэ кьытетхьэрт Хьэмид председатель кьулыкъумкIэ щабэIуэ хуэну, властыр кьэгъэсэбэпын хуей щыхьхьэ и тхIыгъыр хуримыкъуну пIэрэ жиIэу. Ауэ а дызыщыщынахэм лъабжьэ ямыIэу кьыщIэкIащ.

Япэ махуэм щегъэжьауэ абы хозяйствэр тегушхуэуэ щIидзащ зехьэн. Мэшыкъуэм щIэгъэкъуэн хуэхъуэрт язныкъуэ унафэщIхэм ядумыIыларгъу хьэл-щэн ныфIкIэр: цIыхум пщIэ хуэщIыныр, ахэр зыщIэхъуэпсхэмрэ зыхущIэкъуэхэмрэ кьэлъытэнщ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы хуэзэфIэкIащ цIыхухэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм зригъэхъужьыкIи. ПльагъуурэфIакIуэрт абыхэм дзэкьыгъэм зригъэхъужьыкIи. Iэщыхьэхэр, механизаторхэр щылажьэ Iэщ фермэхэм, губгъуэхэм дыкIуамэ, дыщыгуфIыкIырт псынэдахэдэхэм я лэжьэкIэхуэм. КъагъэщIэрэщIэжа Iэщ псэуальэхэр, абыхэм щаIыгъ. фIыуэ гъэшха былым кьабзэхэр, нэр пIэнихьу зэрахьэ хьэсэхэр, нартыху, сэхурат сатыр защIыхэу кьэкIыгъэхэр зэхуэдэу зытетхэр щытлъагъкIэ, ди гур хэмыхъуу кьанэрэткъым.

А зэхъуэкIыныгъэхэр язныкъуэ унафэщIыщIэхэм Iуэхум бэзэрыфэ зэрытрагъауэ Iуэхуэхэм ящыщтакъым. Колхоз экономикэмрэ финансымрэ кууэ хэмыщIыкI Мэшыкъуэм кьыщыщIидзащ хозяйствэр планым тету, финанс Iуэхуэхэр убзыхуауэ лэжьэным зи унафэщI колхозыр хуиунэтIыным. Бригадзэхэр, фермэхэр хозрачетым хунгъэкIуащ, Iэнатlэ псоми аккорднэ-премиальнэ лэжьапIэ тыкIэр щыхьащащ, колхозэхтхэр лэжьыгъэм кIэуэкуу къирикIуэм дезыгъэхьэх нэгъуэщI Iуэхуэгъуэ зыбжанэ яIэжьащ. А псоми Iуэхуэфl кърикIуащ. ИльэситI нэхъ дэмыкIыу хозяйствэм хэхъуэу кьыIэрыхьэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хьуащ, абы и «бобхъшэмэ» зэрыхуейбу я кьагъэсэбэн хъуэн ахьшэ кьыдэхъуащ. Абы колхоз правленэм Iэмал кьиратащ лэжьыгъэм пыщIа псэуальэхъэм кьадэкIуэу, сабий садым, Щэнхабзэмкlэ унэм, курыт школым, поликлиникэм я унэхэри ухуэнымкIэ. Аратти, кьыкIэрыху хозяйствэхэм хабжэу щыта «Псынэдахэ» колхозым и счетылIэныгъэхэм республикэ псом щытепсэлъыхьу щащащ.

ДОХЬУШОКЪУЭ Мусэ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым я тхьэмадзу лэжьащ.

● Фэеплъ

Удигъусэщ, Хьэмид

Мамырыгъэр уи гум и хъуэпсапIэу,
Уи Хэку текIуэныгъэм уи лЫгъи хэплъхьащ.

Адэжь лъахэм уи псэр и щхьэпIэу,
Уи щIы-анэр уи Iэплlэм хуэпхьащ.

Щхьэмыщ бэвхэм я Iущащэ макъыр,
Зэпэмыуэу уи гум ихьыжьу итт.

КIэ щигъэхьэм бийм я топ уэ макъым,
ЩIыр уи плъапIэу уэ губгъуэшхуэм уитт.

Къыптехуами биншэ фIыцIэжьхэр
Мурад иным ухимыгъэщIа,
Уи бгъэ дамэу уи Кавказ къыршыжьхэр
ГутIэ иным гъапIэр пхупащащ,
ЩаухуэрэмгъашIэщIэр адэжь лъахэм
IэщIагъэлIу уэрщ апэу екIар.
Арагъэнущ дэсхэм Псынэдахэм
«Адыгэлl, гъэугу махуэ!» - щIыкIаIар.
Арагъэнущ щIым и щэху бэвагъыр
Iыы Iумахуэм дзыхь кьыщIыпхущIар
Уи гум и хуабагъэрщи ажэгъуэмэр
Ящэ тыгъэ гъатхэм щIыпхущIар.
ЩIыгулъ кьэпIхъэм жьыгэр дыщIэ хьэдзэу
Уи псэ кьабзэр езыгъэпхъуэгар.
Хьатэ-псатэр хьэсжэм я псыдзэу
Кьащцухэу кьэгъуэм уэрщ щыкIуэтар.
Арагъэнущ дыгъэм бийр зэфIищIэу,
Уи щIы-анэм гъуэу щыхьэхъуар.
Уи къуажэгъуэм псэкIэ узыхащIэу,
ЩIэнигъэлIар пашэ ущIэхъуар.
Хъугъуэфlыгъуэм хэбгъэпIъа уи къуажэм
Псынэ кьабзэу я гур кьыпхуэзэфIщ.

Уи щIыхь нинIэ нэхъ лЫфIхэм ухабжэ,
Удигъусэщ. Хэкум уриуэфIщ.

Удигъусэщ, упщыгъупщэнкъым,
Унгу хуабагъэр ди псэм щыдгъэфIэнщ,

ЩыхэпIъхьакIэ уи гур, гъэгъахэр
чэмынкъым,
Кхъащхьэр дахэу уэ бдэщIэрэщIэнщ,

Щыгъэ пIащэу уэсэнс лыдхэр лъенуэ
Удэхэзэ ди я пэпсу кьыхьэтхъэ.

ХэщэгъкIэ жэщыр уэ унгъейуэ,
Псэ зыIутым сфIощIыр узэхах.

Зэпэпхуэу сфIощIыр нэжуг бзухэм
Я пшынатхэр уэсу кьыздраш.

Пэщэкъащэу уафэм пхуиI кьрухэм
Уи гум лъагэу я хуэдэм ящыщ.

Емыкьыдлэу си гум сэ а псорри,
Уи махуаем кьалэм хуэсIэтащ.

Щэху дыдэу бдэжьуатэ сфIощI дунейри -
Уцыхьуфlу дунейм уетащ.

Пжущ вагъуэм, Хьэмид, у дэтэджкIыт,
Дыгъэ тхъуэнтым уи нэгу ежэтащ,

Гъжьаныбуэбэр ныкъыпхьыхьджкIт,
Мэкъумэщыщыщэм я гум удыхьащ.

ЩIхьэмыщ бэвхэм я Iущащэ макъыр
Уэ уи кхъащхьэм нобж щодащ.

Уи кьуажэгъуэм пхуаэта гъы макъыр
КьыхэIукIыу жэщым нжу пхуегъэщ.

Дыщэ вагъуэр уи бгъэм хэплъдыкIыу
Уи зэуIущIэ гуапэм сыщIэхъуэнст.

Уи псэ кьабзэм, уи гум кьыбгъэдэкIыу
ФIэхъуэ дахэ Хьэмид кьыслъыбгъэст.

Колхоз унафэщIу гъжьакIуэшхуэ,
Зи щIыхь инкIэ гъащIэм хэтыфа.

Ажал узыр пасэу кьыптогушхуэ
Жьыщхьэ махуэ псынэ емыфа.

Нэхущ бзухэм я макъыр пхухаащ,
Уи фэеплъым хуэму щотыкъэ.

Уи уэрэду си гущIэм кьыхэсщу,
Мы уСэщIэр Iэнэм кьыщIэхъэ.

ХЬЭПУЩЫ Iолэ.
Сэрмакъ кьуажэ.

И къадум хэхъуэ зэпыту

Хабзэ зэрыхъуащи, ди къэралым бадзэуэгъуэм и унафэм ишъ иткIэ махуэм щагъэлъапIэ Дзэ-тенджызы флотым и махуэр. СССР-м и Цыхубзэ Комиссархэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ 1939 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьыщагъэкIа унафэм ишъ иткIэ зэрыщыт-ват а махуэр. Нужьыгъэ абы ехьэлIа нэгъуэщI унафэхэри кьыздкIащ, ауэ абыхэм яхъуэжакъым езы Iуэхуэгъуэм и кущIэр.

УРЫСЕЙ къэралыгъуэр зэфIэуэвэн папщIэ флотым игъэзащIа кьалэныр кьыщIухэмыльытэн хуэдизщ. Абы и лъабжьэр зыгъэтIылъар «Европэм и щхьэгъубжэр» зэIуэщIа Петр Езанэрщ. ЖытIэнщи, мы Iуэхум хуабжьу хэлIыфIыхьащ урысей пащтыхьым и дэIепкъуэгъуэ гъунэгъу дыдэу щытахэу Бекович-Черкасскэхэри. ПIалъэ кIэщIым кьриубыдэу УФ-м и флотыр кьару лъэщ хъуащ икIи ар апхуэдэу кьэнэжащ иужькIэ блэкIа сыт хуэдэ лъэхъэнэми.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, дзэ-тенджыз кьарурэр зэуэ зэмылIэужьыгъуэхэу 22-м хэтащ. Абыхэм я нэхъыбэми щытекIуащ. Флотым и адмирал, адыгэхэм кьатехъуэкIа (адыгэпщ Редадэ и лIакъуэ) Ушаков Федор и унафэм щIэтхъуэхъуэр зы зэхуэи кьыщыхагъэщIакъым.

Псом хуэмыдэу гугъуащ Хэку зауэшхуэм и зэманыр. Абы щыщIидзам ди къэралым кхъухь зэмылIэужьыгъуэу миныкъ ноблагъэ фIэкIа иIэтэкъым - линкору 3, крейсеру 7, эсминецу 54-рэ, псыщIагъэрыIуэу 212-рэ, н.къ. Ахэр лъэпцу япэщIэуващ Баренц теныджызым кьыщыщIэдзауэ тенджыз фIыщIэм нэс СССР-мкIэбгъэрыкIуэ бийм. Фашистхэр кьаурыкIэ куэдкIэ кьебгъэкIыпхьи, абыхэм лIыгъэпхуэ кьагъэлъэгъуащ. Германыдзэхэр дыхьэфакъым Архангельски Мурмански. А зэман гугъуэм Ищхъэрэ флотым и унафэщIу щытащ Прохладнэ къэлэм щалъхуа адмирал Головко Арсений.

Тхыдэм ириплъхьажэ, дзэ-тенджыз къарурэхэм я къекIуэкIыкIам теухуауэ куэд пхужьIэнущ. Псалъэм и хущIыркIэ, я Iуэхуэхэр щекIэкIуаи къэхъуащ - СССР-р лъэпкъэ нужь, Урысейр къахэкIащ флот нэхъ лъэщ зиIэ къэралхэм. Иджыпсэуу абы кхъухь бжыгъэкIэ къофIэкI къэрал зыбжанэ, ауэ апхуэдэу куэдра щытыжьыныкъым. Урысейм еуэуэ езым зихъумэжьыным хуэхаха кхъухь лъэщхэр.

Сыт хуэдэу щымытами, дзэ-тенджызы кьарурэр къэнэжащ ди къэралым и щыныгъэншагъэр нэхъыщхьэу кьыззэзыгъэпэщхэу. Абыхэм я пщIэр апхуэдизу инщи, мы зэманым зыри тегушхуэныкъым кьапэуныну. Абы и закъуэкIым, дунейм кьыщIахьуа зэхъуэжкIынытыкIэр - хэм я фIыгъэкIэ иджы кьэралхэр нэхъри зэкъуоуэ. Псалъэм папщIэ, зауэ хуэIуэхущIэхэм зэгъуэгъуэ зыхуагъаеэ. Ахэр псом япэу зыхуэгъэзар кьапэуныкъым. Абы и закъуэкIым, дунейм кьыщIахьуа зэхъуэжкIынытыкIэр - дунейпсо терроризмэм - пэщIэтIыныгъ. Кьэралхэм я дзэ-тенджызы кхъухьхэр зэрызэкIэлъыкIуэм нэгъуэщI нэщэнэфIи хэлъщ, ар щыхьэт тохъуэ абыхэм зэрыхъэзэхуащIым.

Мыбдеж къыщыдгъэлъэгъуэщ ильэс 70 и пэкIэ (1937 гъэм бадзэуэгъуэм 28 щыщхьэIум и 6-хэм) «Огаста» крейсеру зи пашэ американ кхъухь гуп ныбжьэгъуГъэкIэ СССР-м и Владивосток къалэм къэкIуауэ зэрыщыгъ. СССР-м и кхъухьхэри абы и жэуапу США-м и Iуфэхэм зыбжанэрэ Iухьащ.

Сыт хуэдэ зэманми дзэ-тенджыз къарурэхэм пщIэрэ щIыхьрэ яIэу хэтащ, иджыри яхэтщ ди хэкуэгъуэхэр. Я щIэ кьыIуапхъащ зэпэ рангым и капитан, дзэ-тенджыз щIэныгъэхэм я кандидат Вэрокъуэ Гъузер, апхуэдизу мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iэнатlэхэр езыхьэкIащ Iахэу контр-адмиралхэу Тхьэгъанэ Мэжидэ Хужьокъуэ Владимиррэ, яп рангым и капитан Iащ Iуэхуэ Владимир, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я лъэужьым ирокIуэ мы зэманым тенджызхэмрэ хъужьмрэ зэпапущIу кхъухь лъэщхэм зи кьалэнгъэр щыщIыгъэащIэ нэгъуэщI ди лъэпкъэгъуэхэри.

БАЛЪКЪ Хьэмац.

● Бадзэуэгъуэм и 29-р Дзэ-тенджызы флотым и махуэщ

Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ АдыгэкІэм и Парламентымрэ я Къэрэмыбэ Къэралыгъуэм и Къэралыгъо Унэфыщ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Унафэщ Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ я Къэрэмыбэ Къэралыгъо Унафэщ

Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ я Къэрэмыбэ Къэралыгъо Унафэщ

МАХУЭМ

Малъхъэдис

● Псальэжьхэр

Бинжь благъэ хъурджым

◆ Уиныху зэрысрэ ун нысэ и дыщэ.
◆ ХъэщІэ здэщыІэм хэгъэрей щыІэщ.
◆ Адэр шхэкІэ къуэм зигъэщІкъым.
◆ Бинжь благъэ хъуркъым, благъэжь бий хъуркъым.
◆ Зохуэфащэ зэщдгъэгъуэ.
◆ УэлуукІыр ун бинщи, ущІэныгъэкъэкІыр ун къуэщи.
◆ Ун бынрэ ун благъэрэ умыбж.

Пщынокъуэ Мэчрэ́ил

● Тхыдэм и напэкІуэцІхэр

Къызэгъэпэщакіуэ нэс

Бадзэуэрыгъуэм и 25-м илъэс 70 ирикъуащ адыгэ тхакіуэ, усакіуэ гуп НКВД-м и блынэм гуузу зэрыщІэкІуадзэрэ. Аэр Напо Жансэхьу, Борыкъуей Тлотэ, Шъэджыкъуэ Пщыкъэн, Пщынокъуэ Абдул, Махъсидэ Залымхъан, Срыхъу Хьэгуцырэ сымэщ, н. А илъэс дыдэм, 1937 гъэм, апхуэдэу яукІаУэ щытащ тхакіуэхэу Теммоев Хьэмид, ЩэрэтлІокъуэ Талъостэн, Блай У., Мер Хь. сымэ. Абыхэм яхэтащ «Къэбардей Іуэрыіуатэм тхылъым и щІэныгъэ редактор нэхъыщхьэ Талпэ Михаили. Лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным жыджэру зэрыкъуэлажьэрт абыхэм я судыр укІиІэ ящыныр къызыхэкІар.

ЛАЖЬЭ ямыІэу ягъэкІуэдахэм ящыщщ блэкІа лІэщІыгъуэм и 20-30 гъэхэм зегъэужьнигъэм и пэжьакІуэ щІэрыІуэу щытА, усакІуэ, тхакІуэ, Іэрыгъуэтэдж Пщынокъуэ Мэчрэ́ил. Ар Шэджэм Езанэ хъуажэм къыщалъхъуащ. Пщынокъуэр ящыщщ ди Іуэрыіуатэр зэхуэзыхьэсыжу къыдэкІыгъуэм зэхэзыгъэхьэзырахэм. Бытыр-быху щыщ щІэныгъэлІ Талпэ Жыхаип и гъуэгу, абыхэм республикэм и Къуажэ псом къыхэзахІухьащ. Апхуэдэ пэжьыгъэм и Іэужьщ 1936 гъэм «Академиям» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІа «Къэбардей Іуэрыіуатэм» тхылъыр.

Щеджэ илъэсхэм зэрыщІыхуаУэ, Пщынокъуэм и ныбжьэгъушхуэу щытащ Борыкъуей ТІуТІэ. Езыхэм зэхалъхьэжа алфавитыр и лъабжьэу, япэ дыдэу абыхэм адыгэбзэкІэ я усэ тхылъ кьыдагъэкІащ.

Пщынокъуэм и Іадакъэ щыщ-щІэкІа тхыгъэ кУэд ди деж къэсакъым, абыхэм ящыщу дэ дызыщыщІыуаззэр ар щыпсэуи Іуэрыіуатэм и пэжьакІуэ щІэрыІуэу щыта, усакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыіуатэдж Пщынокъуэ Мэчрэ́ил. Ар Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхъащ. Пщынокъуэр ящыщщ ди Іуэрыіуатэр зэхуэзыхьэсыжу къыдэкІыгъуэм зэхуэзыхьэзырахэм. Бытыр-быху щыщ щІэныгъэлІ Талпэ Жыхаип и гъуэгу, абыхэм республикэм и Къуажэ псом къыхэзахІухьащ. Апхуэдэ пэжьыгъэм и Іэужьщ 1936 гъэм «Академиям» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІа «Къэбардей Іуэрыіуатэм» тхылъыр.

Щеджэ илъэсхэм зэрыщІыхуаУэ, Пщынокъуэм и ныбжьэгъушхуэу щытащ Борыкъуей ТІуТІэ. Езыхэм зэхалъхьэжа алфавитыр и лъабжьэу, япэ дыдэу абыхэм адыгэбзэкІэ я усэ тхылъ кьыдагъэкІащ.

Пщынокъуэм и Іадакъэ щыщ-щІэкІа тхыгъэ кУэд ди деж къэсакъым, абыхэм ящыщу дэ дызыщыщІыуаззэр ар щыпсэуи Іуэрыіуатэм и пэжьакІуэ щІэрыІуэу щыта, усакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыіуатэдж